STATE OF NEW YORK | EXECUTIVE CHAMBER
ANDREW M. CUOMO | GOVERNOR

Pou Piblikasyon Imedyat: 22 desanm 2011

GOUVÈNÈ CUOMO ANONSE ROUTE 103 RE-LOUVRI POU SIKILASYON AN DE SEMÈN ANVAN

Yo Rebati Wout ki te Detwi nan Dlo Inondasyon yo nan Plis Pase Twa Mwa

Jodi a, Gouvènè Andrew M. Cuomo te anonse Route 103 ki nan Rotterdam Junction, Konte Schenectady County te re-louvri pou sikilasyon an de (2) semèn anvan kalandriye a. Wout ki mennen wout la nan pon ki travèse Rivyè Mohawk te detwi nèt akòz inondasyon yo nan Siklòn Irene ak Tanpèt Twopikal Lee.

Gouvènè Cuomo di konsa "Rotterdam Junction, tankou anpil kominote ki toupatou nan eta a, te frape di nan inondasyon mwa out ak septanm yo, epi se rezon sa a ki fè nou te mobilize tout resous disponib yo pou ede kominote yo reprann aktivite yo ankò san pèdi tan. Rout 103 ki re-louvri kounye a ap rebay aksè nan biznis zòn nan, epitou l ap diminye tan deplasman moun yo toulejou. Mwen ta renmen di mèsi pou moun ki te travay san pran souf pou repare otowout sa a pou travay di yo pou reyalize pwojè sa a."

Manm Komisyon Depatman Transpò Eta New York (NYSDOT), Joan McDonald, di konsa, "Ekip plan ak konstwiksyon nou an te travay san pran souf pou fè sikilasyon an vin posib pou Nouyòkè yo. Kalite dirijan Gouvènè Cuomo pandan tout pwosesis sa a te pèmèt eta a travay avèk efikasite ak rapidite pou moun Eta New York."

Route 103 travèse Rivyè Mohawk, pou konekte State Route 5 ak Route 5S yo itilize anpil. Wout ki mezire mwatye mil lan te fèmen anvan pandan Siklòn Irene lè gwo dlo inondasyon yo ak debri te menase solidite pon an. Lòt inondasyon ki te vini avèk Tanpèt Twopikal Lee la dis (10) jou apre te ale avèk yon wout aksè ki mezire 300 pye nan longè, 40 pye nan wotè nan pwent nò pon an.

Ewozyon an te menase tou estabilite liy bò lès Route 5 lan, epi NYSDOT te fèmen pou yon ti tan jouk lè yo kapab fè reparasyon ladan.

NYSDOT te estabilize miray pwoteksyon Route 5 lan avèk 115 000 jad kib tè ak 5 500 yad kib wòch lou pou pwoteje li kont ewozyon lòt inondasyon yo. Depatman an te rekonstwi wout la, epi li te enstale nouvo ray, pano ak twotwa toutolon pati lwès Route 103.

Depatman an te fè plan ak konstriksyon pwojè reparasyon ijan sa a nan yon kalandriye rapid sou sèlman twa (3) mwa.

Avèk Route 3 a ki re-louvri, se yon sèl seksyon State Route 42 ki nan Lexington, Konte Greene County – ki gen ladan wout ak de (2) pon ki sou yon distans sis (6) mil – ki rete fèmen apre Siklòn Irene ak Tanpèt Twopikal Lee. Yo prevwa wout sa a ak pon li yo pral re-louvri bonè nan ane k ap vini an.

###

W ap jwenn lòt nouvèl nan sit wèb www.governor.ny.gov
Eta New York | Executive Chamber | press.office@exec.ny.gov | 518.474.8418

Haitian Creole